



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SERI EKSPOZISYON REJYONAL 2023 AN SOU OPÒTINITE POU ANTREPRIZ BIZNIS KE FANM AK MINORITE YO POSEDE

Evènman an pèsòn pou pèmèt Biznis ke Minorite Ak Fanm yo Posede pou yo konstwi koneksyon ak fè konpetisyon pou kontra Eta yo

Nou ka jwenn enfòmasyon ak anrejistreman [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Eta New York pral òganize twa evènman nan kad Seri Ekspozisyon Rejyonal 2023 an sou Opòtinite pou Antrepriz Biznis Fanm ak Minorite yo Posede (Minority- and Women-Owned Business Enterprises, MWBE) nan Eta New York. Ekspozisyon yo — ki pral konekte Antrepriz Biznis Fanm ak Minorite yo Posede ak ajans ak otorite New York, espesyalis resous yo, enfòmasyon sou pwòje eta yo ak zouti pou yo ka gen aksè ak opòtinite kontra eta yo, — pral fèt nan Brooklyn nan dat 20 jen, nan Syracuse nan dat 28 jen, ak nan Buffalo nan dat 13 jiyè.

"New York tire fòs nan divèsite li, epi se yon priyorite pou administrasyon mwen an asire ke biznis ki soti nan tout kwen nan eta nou an jwenn opòtinite pou yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè evènman enfòmatif sa yo, nou ap fè koneksyon pwisan alafwa pami MWBE yo ak ant MWBE yo ak Eta a, bay biznis sa yo pouvwa ak resous ak relasyon esansyèl pou yo reyisi."

Seri Ekspozisyon Rejyonal Opòtinite MWBE Eta New York 2023, ki patwone pa [Divizyon Devlopman Biznis Fanm ak Minorite](#) (Division of Minority and Women's Business Development) Empire State Development (ESD), pral bay Antrepriz Biznis Fanm ak Minorite yo Posede (MWBE) resous ki nesèsè pou sekirize kontra Eta yo avèk siksè atravè sesyon entè-aktif, diskisyon panèl angaje yo, ak atelye pou ranfòse kapasite yo. Lè yo pwofite konesans ekspè endistri yo pataje epi konekte dirèkteman ak ofisye akizisyon yo, MWBE yo pral jwenn yon richès nan konpreyansyon, konsèy estratejik, ak koneksyon ki gen anpil valè.

Expo a pral gen ladan tou enfòmasyon sou pwogram asistans finansyèl ak teknik Eta finance yo, ki gen ladan yo [Pwogram Akseleratè Kwasans Biznis MWBE](#) (MWBE Business Growth Accelerator Program), [Pwogram Prè Pon pou Siksè](#) (Bridge to Success Loan Program) ak [Inisyativ Kredi Ti Biznis Eta New York](#) (New York State Small Business Credit Initiative) la. Ekspozan kle yo enkli Otorite Enèji New York (New

York Power Authority), Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York), Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health), Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority), Inivèsite Vil New York (City University of New York), Inivèsite Eta New York (State University of New York), Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), Depatman Deta Eta New York (New York State Department of State), Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture & Markets) ansanm ak lòt ajans transpò, konstriksyon ak edikasyon ak otorite Eta yo ki gen plizyè milya dola nan opòtinite.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Jistis ak ekite chita nan kè yon ekonomi k ap pwospere, epi nan Empire State, nou kenbe fèm nan angajman nou pou nou egalize teren an pou MWBE yo. Lè nou asire yon opòtinite egal pou biznis sa yo fè konpetisyon pou kontra Eta New York yo, nou kapab pwofite potansyèl san limit kominote antreprenarya divès nou an."

Ofisye Divèsite Anchèf Eta New York Julissa Gutierrez te deklare, "Batman kè ekonomi New York la ankouraje pa inovasyon ak detèminasyon MWBE yo. Nou dwe ankouraje yon anviwonman kote chak biznis, kèlkeswa gwosè oswa orijin yo, ka kanpe kòt a kòt epi fè konpetisyon pou kontra eta yo. Seri Ekspozisyon sou Opòtinite Rejyonal MWBE a pral ede MWBE yo avanse nan chemen kwasans ak pwosperite."

Direktè Egzekitif Divizyon Devlopman Antrepriz pou Biznis Minorite ak Fanm Posede nan Empire State Development lan, Jason Myles Clark, te deklare, "Kwasans MWBE yo pa jis enpòtan pou biznis endividyèl yo, men pou siksè ekonomi Eta nou an. Lè nou ogmante aksè ak kontra Eta New York pou MWBE yo, n ap investi nan dinamisite ekonomik Empire State la."

Ogmantasyon itilizasyon konpayi MWBE yo nan kontra eta yo se yon objektif santral nan pwogram MWBE New York lan, ki itilize tout potansyèl MWBE yo epi li ankouraje kwasans ekonomik ekitab atravè Eta a. Pandan ane fiskal 2022 la, Gouvènè Hochul te anonse ke Eta New York te depase objektif itilizasyon ofisyèl li a ak 30,64 pousan, pousantaj ki pi wo nan peyi a. Yo te akòde prèske 3 milya dola kontra Eta a bay antrepriz MWBE yo pandan menm peryòd la, ak plis pase 24 milya dola nan kontra eta a yo te bay MWBE yo depi 2011. Eta New York gen plis pase 9,800 konpayi MWBE ki sètifye nan anyè li a.

Seri Ekspozisyon Rejyonal sou Opòtinite MWBE 2023 a ap kòmanse nan Vil New York madi 20 jen epi l ap kontinye jiska jiyè. Evènman yo gratis pou patisipan ki anrejistre yo epi yo pral fèt an pèsòn. Gran pwèn ekspozisyon en ak kijan pou enskri:

- **Prezantasyon Pwojè Lokal yo** k ap fèt pa ajans ak otorite Eta New York yo, ak Premye Kontraktè yo, ki gen ladan moun k ap resevwa sibvansyon yo. Patrisipan yo pral aprann plis sou sijè ki abòde travay pwojè yo ak fason biznis yo ka eksprime enterè.

- **Rezotaj** ak plizyè Ajans ak Otorite Eta New York ak konpayi/òganizasyon yo. Biznis ou a ka fè koneksyon an tan reyèl, pataje detay sou sèvis/machandiz ou yo, epi poze kesyon.
- **Atelye** ki kouvri sijè tankou aksè ak kapital ak finansman pou biznis ou.

<p>Brooklyn - Expozisyon Rejyonal sou Opòtinite MWBE Madi 20 jen 2023 Enskri isit la</p>
<p>Syracuse - Expozisyon Rejyonal sou Opòtinite MWBE Mèkredi 28 jen 2023 Enskri isit la</p>
<p>Buffalo - Expozisyon Rejyonal sou Opòtinite MWBE Jedi 13 jiyè 2023 Enskri isit la</p>

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)